



## Sa paran dwe konnen anvan yo siyen Rekonesans Patènite Paran Natirèl yo

**DWA, RESPONSABILITE AK DEVWA:** Lè toude paran yo siyen Rekonesans Patènite Paran Natirèl yo, yo ateste yo se paran natirèl timoun sa a. Apre yo siyen, chak paran gen dwa anile efè rekonesans an nan yon delè 60 jou sòf si te gen yon odyans nan tribinal pou paran ak timoun nan. Si pa t gen odyans nan tribinal nan 60 jou apre yo siyen rekonesans an, y ap etabli patènite a legalman dapre lwa Florid la. Lè toude paran yo siyen rekonesans, yo mete non papa a sou sètifika batèm timoun nan. Menm si yo anile rekonesans an nan 60 jou, se tribinal sèlman ki kapab amande sètifika batèm lan epi retire non papa a.

Apre yo etabli patènite a legalman, sèl mwayen pou renye patènite a se pwouve devan lajistis se nan magouy yo te jwenn siyati w, oswa anba presyon, oswa se yon erè yo te fè. Tribinal la ap deside si yo ka retire non w.

**KISA OU DAKÒ POU FÈ?** Si ou se manman an, ou dakò moun k ap siyen an se papa biyolojik timoun nan li ye vrèman. Si ou se papa a, ou dakò ou se papa biyolojik timoun nan epi ou menm avèk manman an ap responsab bay timoun nan sipò finansye ak sipò medikal jiskask li vin majè. Dabitid sa vle di jiskask timoun nan vin gen dizuitan. *Pa siyen deklarasyon sou sèman an si ou pa si ou se papa timoun nan.*

**ESKE MWEN KAPAB SIYEN SI MWEN GEN MWENS PASE DIZUITAN?** Yo ankouraje moun ki minè jwenn konsantman gadyen legal yo anvan yo siyen rekonesans an. Sepandan, dapre lwa Laflorid, yon minè gen dwa siyen rekonesans an depi Notè a panse minè a konprann byen rekonesans an yon dokiman ki dwe reflekte laverite, epi yo te byen esplike minè a dwa ak responsabilite l ap vin genyen antan paran.

**KONSEKANS:** Lè ou siyen rekonesans an, ou deklare manman an pa t marye lè timoun nan te fèt epi ou se paran timoun nan; nou toude pran responsabilite timoun nan jan lalwa mande l. Lokal akouchman an ak estaf sipò pou timoun nan dwe esplike epi klarifye rekonesans an ak etablisman patènite a bay ni manman an ni papa a epi yo dwe kite nou konnen ki dwa nou genyen; yo dwe bay nou chak opòtinite pou nou rekonèt patènite a volontèman. Se siyati orijinal pou nou bay. Apre nou toude siyen rekonesans an epi li notarye oswa fèt devan yon twenwèn, y ap kreye yon dosye ki bay non toude paran yo.

Si ou gen nenpòt ki keksyon, kounyey a se bon moman pou poze yo. Si ou pa konprann rekonesans an, *pa siyen li.*

**LÒT BAGAY OU KAPAB FÈ APA SIYEN:** Dapre lwa Laflorid, si paran natirèl, biyolojik la pa siyen rekonesans an, gen lòt pwosesis legal ki gen dwa etabli patènite a. Manman an, papa natirèl la, timoun nan epi/oswa eta a nan non timoun nan gendwa pran aksyon pou etabli patènite si timoun nan resevwa asistans piblik. Tout frè, sa enkli frè pou tès jenetik, ap responsabilite moun yo jwenn ki papa legal timoun nan. Frè sa yo, anplis sipò timoun (child support), tribinal la gendwa mande papa a peye yo. Si papa a oswa manman an, nan ka sa a, vle etabli patènite san kolaborasyon lòt pati a, li dwe kontakte Biwo Aplikasyon Sipò Timoun [*Child Support Enforcement Office*] local la oswa yon avoka prive.

**Seksyon 742.10(1), Estati Florid yo di, pami lòt bagay:** “Si yo pa t pran aksyon nan tribinal, yon rekonesans volontè patènite a dwe kreye yon sipozisyon refitab, jan li defini nan s. 90.304, F.S. patènite a epi moun k ap siyen an gendwa anile rekonesans sa a nan yon delè 60 jou apre yo te siyen rekonesans lan oswa 60 jou apre dat yon aksyon administratif oswa jidisyè ki an rapò ak timoun nan; sa enkli yon aksyon pou etabli yon lòd sipò, kote moun ki siyen an patisipe, kèlkeswa sa ki vin anvan an. Toude paran yo dwe bay nimewo sosyal sekirite yo nan nenpòt ki rekonesans patènite, deklarasyon konsantman sou sèman, oswa deklarasyon patènite. Seksyon 742.10(4), Estati Florid yo di: Apre peryòd 60 jou yo bay nan paragraf (1) an, yon rekonesans patènite ki siyen tounen yon etablisman patènite epi se nan tribinal sèlman yo gen dwa renye li si li te fèt nan magouy, anba presyon oswa poutèt yon erè nan fè yo, epi se moun k ap renye deklarasyon an ki pou bay tout prèv yo; responsabilite legal, sa enkli obligasyon sipò timoun nan (child support), moun ki siyen an gen dwa sispann pandan pwosesis la, sòf si tribinal pran yon lòt desizyon.”